Pembantoe sareng agen: Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor. — di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer. — Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

*Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.*

Ditjitak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen: Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis. — Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaja.

LANGGANAN. 3 sasih . . . . . f 1,50 — Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Redactie: Heerenstraat 31. Administratie: Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA — Redaktoer di Batawi SOERIADIRADJA.

Directie: Administratie: Bestuur Pasoendan Tasikmalaja

Pangaos ADVERTENTIE: 1/16 katja f 2,50, 1/32 „ f 1,50 } Sakali moeat. Langganan langkoeng mirah.

Kaping 1 October artos langganan Sip. kwartaal IV 1926 moegi enggal dikintoenkeun ka Administratie Sip.

## Persatoean Indonesia.

Mr. Singgih ngider sa Poelo Djawa biantara di oenggal kota noe galede, maksoedna soepaja di mana-mana ngajakeun „Persatoean - Indonesia". Katjida djisim koering boengahna ngadenge ajeuna di Indonesia mimiti rek ngadegkeun pagoejoeban (organisatie) noe santosa, sabab koering pertjaja ngan koe ngahidji djadi hidji anoe pageuh oerang boga tanaga pikeun ngoedag maksoed oerang boh dina tab politiek boh dina economie. Gede hate koering ajeuna bangsa-bangsa di Indonesia mimiti keur ngaleungitkeun kateuresepanana (vooroordeelen), di antara bangsa-bangsa di Indonesia noe aja.

Koe oerang teu koedoe dipoengkir deui atawa diboeni-boeni sok aja keneh bae djelema di hidji-hidjina bangsa di Indonesia noe sok ngoepat atawa ngagorengkeun ka bangsa sedjen di Indonesia.

Tah sabisa-bisa eta noe boga bibit goreng kitoe teh koe oerang koedoe diperangan sataker tanaga koe omongan-omongan noe kira-kira keuna ka pikiranana djelema noe matak miroetjahan kana persatoean oerang Indonesia. Tatapi oepama eta djelema noe kitoe koe oerang teu beunang diperangan, nja dalah dikoemaha, keun koe oerang noe kitoe mah koedoe dianggap boedak noe tatjan boga pikiran pandjang bae.

Ajeuna dina djalanna njieun persatoean tea, katjida moepakatna koe njieun „Studie - Club" heula saperti noe geus aja di Soerabaja, toeloej ngadjak ka sakabeh oerang Priboemi Indonesia atawa ka pagoejoeban pagoejoebanana soepaja daraek ngahidji dina lingkoengan Studie-Club, teu kalawan ngarobah maksoed djeung oedagan pagoejoeban - pagoejoeban noe diadjak djadi hidji tea. Tah koe djalan kitoe tea asa gampang ngahidjina, sabab sakabeh pagoejoeban oerang Priboemi Indonesia ari maksoed mah meh satoea, ngan dina djalanna noe beda teh, aja noe hajang make djalan keras, aja noe make djalan sedeng kerasna, aja oge noe make djalan lemes bae dj. s. t. Nja kitoe deui aja noe hajang cooperation aja noe hajang make noncooperation dj. s. t.

Eta noe kitoe oelah djadi panghalang pikeun ngadjadi hidji.

Dina prak - prakanana nerkabkeun (propageeren) „Persatoean" tea, kahajang koering mah sabisa-bisa oelah nepi ka oerang koedoe oenggah bale watangan, sabab oepama oerang koedoe padoe heula djeung pangadilan, djadi kendor deui bae kana laksana maksoed oerang. Koering njeboet di loehoer sabisa-bisa, da kadjeun teuing lemes sakoemaha lemesna oge, ari koran Walanda di Hindia noe bodas, noe belewoek mah, keukeuh ngagogoreng, njangka noe lain-lain (verdacht maken). Keur saralah teh njieun verslagna, eta sawareh koran Walanda da teu pati ngarti kana basa Malajoe, djeung sok dihadja ditambahan koe ketjap-ketjap noe teu pantes saperti „nationale warhoofden" „revolutionnaire agitatoren" dj. s. t. Pamoegi-moegi ka Pamarentah Agoeng Indonesia noe ditjepeng koe G G. ajeuna dina maos verslag perkawis kieu dina serat kabar Walanda oelah enggal pertjanten teuing, da sering teu njotjogan sareng noe diatjarioskeun keur waktos vergadering tea.

Koering di loehoer njeboet sabisa-bisa oelah oenggah bale watangan. Bisi bae aja noe njangka jen koering atawa „Sipatahoenan" mah reactionnair, eta teu pisan-pisan.

Poegoeh bae ari hajang ngoembar amarah noeroet amboe napsoe mah koedoe keras koedoe kieu koedoe kitoe, da oerang teh ajeuna sakieu ripoehna sakieu kasedekeunana, tatapi oerang salawasna dina ngadjalankeun sagala roepa teh oelah poho kana poerwa laksina. Apan oepama pamingpinna ditangkep, dihoekoem komo oepama diinterneer mah, eureun heula oerang teh sabab koedoe meunang pigantieunana djadi pamingpin tea. Lain pisan koering njaram ngedalkeun sagala roepa noe teu tjotjog djeung lelemboetan oerang di hareupeun djelema rea ngan ieu mah minangka djadi timbangan timbangeun bae. Samemehna meunang lara teh sabisa-bisa sing pepeka tapi ari geus prak mah lara nja koedoe pasrah teu meunang aral soebaha, da mana kitoe oge geus nepi kana titis toelis. Oelah saperti noe geus kadjadian, tadina wani kitoe kieu ngomong sapokpokna bae, tapi barang geus meunang teu ngeunah menta ampoenna teh nepi ka ngagogoreng doeloer saihwan bareto. Tembong di dinja mah tambagana, katjiri lain lalaki sadjati lalanang oetama teh. Boro-boro beunang diseboet satria, netepan kamanoesaanana oge henteu, da boektina loeak-leok.

Sakali deui minangka djadi panoetoep tjatoer, dina sagala roepa sing inget kana **„poerwa daksina. oelah kadjoeroeng koe napsoe."**

**A. a.**

## Leber wawanen.

Ari di nagara batoer mah, noe leber koe wawanen pinoeh koe panemoe hal kadigdjajaan teh sok aja endjotna, nepi ka bisa djadi noe ngageugeuh indoeng lemboer bapa desa, paling tjopet ari djadi kapala perang mah biasa, saperti di Tibet noe ngaran sarong Shapè asal toekang ngoembah piring ajeuna bisa djadi Kapala panglima perang (Opperbevelhebber), nja kitoe deui di Djepang teu koerang koerang noe moedjoer lantaran leber wawanen, angot ari di Eropa mah babakoena djaman Keizer Napoleon I toekang koeda oge aja noe bisa djadi, Radja di Napels nja eta noe ngaran Murat tea, malah Napoleonna pribadi oge kapan, djalma biasa bae njakitoe deui meureun sadaja oge oeninga kana djenengan Moestapa Kemal Pascha, President Republiek Toerki ajeuna sareng Riza Khan, Shah (Radja) Perzie ajeuna, eta teh asal djalma kitoe bae, ngan aja daradjat lantaran leber koe wawanen tea. (Sareng pinter ongkoh! Corr)

Taja lian ajana noe karitoe teh, lantaran nagarana merdika, hartina teu diparentah deungeun, hiroep teu dioekoer batoer.

Di oerang oge baheula mah teu koerang noe kitoe teh, waktoe aja Karadjaan Banten keneh, geuning bisa djadi Toemenggoeng, nadjan anak toekang pangebon oge. Angot djaman Mataram mah loba noe naek kana dipati bae mah, malah Senapati noe djadi lalanang P. djawa oge, lain djalma toeroenan ngan milikna bae gede, djalanna leber wawanen tea.

Ari ajeuna di oerang, asana moal aja noe kitoe teh, loba oge noo kaktjara digdjaja gede tanaga, djigna teh lain kana kaagoengan, tapi kana boeboeroeh neunggeul atawa djadi oelonoelon maledog sajang kapinis, hadena toekang neangan istri piwarangan-piwarangan noe lian.

Tah koemaha ari kitoe, enja oge koering teu saihwan kana isme-isme ari djadi oelon-oelon babaledog mah rada ke heula, djeung leuheung moen eta teh kabeurat dadana, orokaja eta mah teu djadi toea kampoeng toea kampoeng atjan, ngan kitoe bae toekang ngiring ti peuting tari neangan kembang boeroean.

Sok heran bae aja keneh bae djalma kitoe, tapi lain di Pasoendan bae, di nagara sedjen oge aja, ngan anoe katjeloek ka nagara sedjen teh, Priangan bae; kitoe temah teu salah da enja.

Na iraha atoeh di oerang aja kadjadian tjara di batoer kitoe-kitoe. Eta meureun tjan tjoendoek ka waktoe datang ka mangsa; tapi iraha mah eta tjoendoek waktoena teh. Aja oge bedja, jen ajeuna noe djadi dalem teh saha bae noe pinter teu koedoe toeroenan, tapi noe enggeus-enggeus mah eta atoeran teh ngan djadi omongan woeng koel, doeka engke mah ka hareup.

Sok tada teuing bae moen aja kadjadian anak Marhaen, lantaran leber wawanen, digdjaja pinoeh koe elmoe, bisa djadi djendral oepama, resep temen neuleu djeung ngadenge meureun, leuh koemaha teuing. Ngan eta biasana ari bangsa mang Marhaen mah, ari geus rada aja kaseboetna teh sok poho di kabangsaanana, ngeunah-ngeunah bae, da dewek loba noe njembah atawa noe ngagoeng, kadjeun ditjoo gado koe noe sedjen, da koe bangsa mah dipikaserab.

Soegan moal ari anak mamang Haen noe njaah ka haenanana mah.

**S. M.**

B. Masin.

## Pesta ngadegna Sakola Radja Bandoeng — 60 taoen.

Malem Salasa poekoel 8 sore kaberan tanggal 13 Moeloed 1345 hidji peuting noe di doenja Islam katjida dihormatna, lantaran tanggal 12 Moeloed teh dinten wedalan Kangdjeng Nabi Moehammad s. a. w. di kamar pangasaan (recreatiezaal) sakola Radja Bandoeng geus koempoel sakabeh moerid - moerid sakola Radja djeung pirang-pirang oeroet moerid sakola Radja kira aja 500 djelema.

Peuting eta djr. Kartabrata nembongkeun serimpi Soenda. Di Pasoendan mah kakara aja noe kieu teh.

Poë Salasa 13 Moeloed poekoel 9 isoek-isoek moerid-moerid sakola Radja, goeroe-goeroe djeung ondangan-ondangan saperti T. Resident Priangan tengah Burgemeester Bandoeng, Inspektoer H. I. O, Dalem Bandoeng, Direktoer H. K. S. Bandoeng dj. s. t. reana sakabeh ± 450 geus karoempoel deui rek moeka pesta 60 tahoen tea (officieele herdenking). Mimiti Direktoer sakola Radja njaritakeun babadna sakola Radja ti mimiti diadegkeun koe pangreka dajana T. Holle djeung Pangoeloe Moehamad Moesa dina tahoen 1866 sarta hatoer noehoen ka sakabeh noe geus ngadeudeul boh koe doeit boh koe tanaga nepi ka bisa laksana eta pesta. Toeloej disamboeng ka Dalem Bandoeng njalametkeun ngadegna sakola Radja 60 tahoen sarta njarios noemoetkeun dongengna Dalem Martanagara noe marhoem aja hidji Dalem ti Banten miwarang ngadamel sapatoe ditaretes koe inten pikeun ngaloeoehan moekana sakola Radja di Bd.

Ti dinja djoeragan Djajadiredja Goeroe gambar di sakola Radja njarios, nerangkeun tjandra sengkala: Ojaging gana samadija tjandra (1866). Ojaging = Obahna, gana = njiroean, samadija = sedeng, tjandra = boelan. Noe matak make ieu tjandra sengkola, sabab kaajaanana rahajat Pasoendan harita resepna kana sakola saroea djeung njiroean noe oemoerna kakara saboelan. Ti dinja toeloej nerangkeun tjandra sengkala Obahing netra wiwaraning djalma (1926). Noe matak make ieu tjandra sengkala sabab ajeuna mah sakola teh keur rahajat minangka djadi katja² pamoekana sagala roepa (elmoe). Satoetasna djr. Wirasendjaja di Tjiandjoer njarios nganoehoenkeun ka Pamarentah parantos maparin sakola Radja noe gede djasana ka rahajat Pasoendan djeung loeareun Pasoendan.

Toeloej djr. Ahmad Atmadja ti Tasikmalaja njarios minangka djadi wawakilna sakabeh oeroet moerid sakola Radja noe neroeskeun diadjar di H. K. S, njalametkeun ngadegna sakola Radja sarta ngadjak njieun pangeling ngeling (monument) ngadegna sakola Radja bisi kaboeroe leungit manten.

Ti dinja djoeragan Roemsari Goeroe istri van Deventerschool Bd. njarios hatoer noehoen wireh andjeunna kasoep ka awewe noe barang mimiti nampa pangadjaran di sakola Radja.

Panoetoepan Burgemeester Bd. njarios njalametkeun ngadegna sakola Radja Bd. geus 60 tahoen, sarta ngawalon ka salah sahidji noe njarita (Ahmad Atmadja) noe ngadjak njieun monument, jen adegan sakola Radja oge salawasna bakal djadi monumet.

Ti dinja soerak tiloe kali sarta Champagne, djeung limoen ngider dibagikeun. Satoetasna dipotret. Noe rek meuli potret njarita ka djr. Endih hargana 1 f 2,25 oepama noe meulina leuwih ti 100.

Sabadana gymnastiekwedstrijden.

Poekoel doea beurang hadjat di sakola Radja, noe toeang aja ± 400. Djoeragan Soeriadiredja biantara ngadjak ngadegkeun Comite pikeun ngahadean sakola Radja, sabab sakola Radja oepama teu dihadean koe poetra poetrana tilas moerid sakola Radja, lima taoen deui oge leungit. Handjakal comitena henteu sakalian harita dipilih *.

Malem Rebo tooneel di roemah bola „Ons Genoegen". Mimiti moerid S. Radja nembang ngabageakeun. Ti dinja moerid-moerid H. K. S. Bd. nembongkeun ngahidjina Indonesia. Oenggal bangsa di Indonesia aja di dinja make papakean kabangsaanana (nationale kleeding) sarta njarita koe sabasana-sabasana njalametkeun sakola Radja ngadegna 60 tahoen.

Toeloej serimpi dimaenkeun deui. Djoeragan Djoehaeni sareng Djr. Hamdan katjida aloes maenna.

Ti dinja tooneel lalakon Batara Singgih (Sanes Meester Singgih? Corr). ngagoegat nagara ramana noe dititipkeun ka papatihna.

Tooneel katjida aloesna, iasa noe ngoeroesna nja eta djoeragan Kartabrata. Poekoel 1 peuting tooneel enggeusan.

Poë Rebo noeloejkeun gijmnastiekwedstrijden. Malem Kemis najoeban di sakola Radja. Handjakal saeutik noe datang.

**Verslaggever.**

* Panjamboeng.

Comite sakola Radja langkoeng sae diajakeunana di Batawi soepados langkoeng tjaket kana soemberna sagala roepi. Koemaha oepami Sip. moerstel djoeragan-djoeragan noe kasebat di handap didjadikeun eta comite: Djoeragan Soeriadiradja, Voorzitter sareng lid comite, djr Poeradiredja secretaris, djoeragan Prawiradinata commissaris, djr. Kartapoetra comm, dj. A. Djajamihardja M. G. Tjikarang comm. Leden comite Djr. Hoofdschoolopziener djr. Djajadiredja Goeroe gambar S. Radja djr. Pradjakoesoema Boekhouder D. v. o, djr Prawiraamidjaja Commies G. B. djr. D. K. Ardiwinata sadaja di Bandoeng, djr. Wirasendjaja, djr. Odjoh landbouwleeraar di Tjiandjoer. djr. Atik Soeardi di Indramajoe, djr. Soetisnasendjaja, djr. Atmawinata di Tasikmalaja, djr. Schoolopziener Tjiamis, djr. Nataamidjaja, Djr. Ondoh di Bogor, djr Zenal Abidin di Serang, djr. Sastraprawira di Garoet, enz. Djoeragan-Djoeragan noe teu kersa nampi djadi rengrengan comite S. Radja sareng noe bade ngawoewoeh lid comite, sae njeratan ka djoeragan Soeriadiradja di Meester Cornelis.

Noe teu moepakat ka djoeragan-djoeragan noe kasebat di loehoer djadi leden Comite sakola Radja, sae njeratan ka djisim koering,

**Ahmad Atmadja.**

Kedjaksansteeg 10 Tasikmalaja.

## Dongeng djaman koena.

*Samboengan.*

**Asmarandana.**

5. Andjing ge nja kitoe deui, panedana dikoerangan, sieuneun kaboeroe kolot, njorang dikabalangsakan, hoentoe sihoeng maroerag, sagala ngan kari napsoe. ditoker taja noe njanggrah.

6. Digitik bati ngagoeik, henteu bisa walakaja, ngan oekoer ngagogog kosong, saoer Goesti hade koerang, lamoen kitoe sababna, moal tiloe poeloeh taoen, doea welas ge meudjeuhna.

7. Andjing boengah toeloej indit, monjet datang dipariksa, kieu dawoehan Jang Manon, maneh mah tangtoe narima, kana oemoer patokan, hiroep tiloe poeloeh taoen, sabab salawasna senang.

8. Gawe maneh euweuh deui, loelontjatan tataekan, djeung batoer otjon goegoejon, oenggal poe soekansoekan, monjet gantjang oendjoekan Goesti abdi noenoehoen, moegi oemoer dikirangan.

**KINANTI**

9. Jaktos abdi tara ngoejoeng, siga anoe senang pikir; kitoe soteh moeng di loear, sajaktosna mah prihatin, komo ngawoela ka djalma, dibantoen kana kamedi.

10. Ditoengtoen satoeroet lemboer, kirang teda badan njeri, papisah sareng baraja, teu aja hinggana deui, kasedihan kalaraan, neda kirang oemoer abdi.".

11. Panoehoen monjet dikaboel, oemoerna koerang ti misti, doea poeloeh taoen loembrah, monjet indit soeka ati, njampeurkeun ka noe ti heula, nja eta kalde djeung andjing.

12. Djalma katjatoer, datang disaoer koe Goesti, barang ngadenge dawoehan, rasana saeutik teuing, sewot barina oendjoekan, „Teu pantes koerang ti misti".

13. Hiroep tiloe poeloeh taoen, taja waktoe eukeur oelin, moal loba kasoekaan, keur senang pinanggih pati, taja goena njieun imah, tjoemah moal lila tjitjing.

14. Henteu perloe moeka taloen, njawah ngebon djadi tani, lamoen moal seubeuh ngala, njoehoenkeun diwoewoeh deui," dawoehan noe Maha Moelia, „Hade ditambah koe aing.

15. Anoe doea welas taoen pasesaan kalde tadi", djelema teu atjan poeas, walonna saeutik teuing, ditambah dalapan welas, oemoer pasesaan andjing.

16. Masih keneh atjan tjoekoep, ti dinja ditambah deui, sapoeloeh taoen lilana, anoe koe monjet ditampik, djalma masih teu narima, rasana saeutik

**Watek borangan katjida gorengna, tapi oerang oelah tinggal ati - ati!!**

teuing.

17. Goesti Maha Soetji Lendoe, teu kersa nambihan deui, djelema meunang paujapa, bongan hajang leuwih teuing, enja soteh panglilana, kanimatan mah saeutik.

18. Djero tiloe poeloeh taoen, hiroepna senang walagri, awakna djagdjag waringkas, waras teu aja kamiris, dina hak kamanoesaan, bagian diri pribadi.

19. Liwat tiloe poeloeh taoen, mimiti loba kanjeri, njorang oemoer ka de tea pinoeh kabingoeng kasedih, sagala karasa beurat, ditoemboe koe oemoer andjing.

20. Mimiti ragrag hoentoe, dahar leueut djadi roegi, ka noe teuas henteu teurak, katambah poeudoeugan belik, moetoeh lara kabalangsak, resep njaoa entjrah entjrih.

21. Panoetoepna oemoer koenjoek, malik kawas boedak leutik, pohoan pangreungeu koerang, resep nendjo tjai paiid, kitoe tjariosanana, bedja sidik reudjeung boekti.

**A. S.**

Garoet. datum postmerk.

## NOTULEN.

**Leden Vergadering tanggal 8 Juni 1926**

Anoe saroemping aja 45 leden djeung sawatara tamoe Kangdjeng Dalem oge soemping kalebet kana tamoe.

Samemehna vergadering diboeka Djoeragan Boehari ngamamaoskeun biantara (lagoe Dangdanggoela expres) Voorzitter njamboeng tjarita ngaladjengkeun anoe dimamaoskeun koe Djoeragan Boehari. Nganoehoenkeun ka sakoer anoe saroemping. Poekoel 8,15 vergadring diboeka.

Ia. Djoeragan Wirasendjaja njarioskeun perloe aja tempat. Pasamoan pikeun rioeng koemboeh sabatoer-batoer soepaja woewoeh loeloes, rapih djadi hidji. tambah loeang pamendak ti pada Kantja.

b. Anoe kapilih kana comite leden voor de Oprichting. 1 Djoeragan Demang Wiradiatmadja Voorzitter Djoeragan Wirasendjaja. Djoeragan Prawiraatmadja, Djoerg. Soeriamidjaja, Djoeragan Abdoelsalam, D.rg. Natamidjaja djeung Djoeragan Kartawinata.

C. Kangdjeng Dalem nganoehoenkeun ka sadaja noe lalinggih kalintang rempoegna kana eta maksad

d. Djoeragan Prawiraatmadja nerangkeun sadjarahna Pangledjar sareng perkara medja bola boetoet, anoe bakal diitjal. Noeroetkeun poetoesan vergadering ladangna pikeun nambahnambah ngadegkeun pasamoean anjar. Ngaladantenkeun Pasamoan ditoetoep. Anoe sanes leden Pasoendan di. soehoenkeun soepaja ngantoenkeun tempat vergadering.

II. Noeroetkeun poetoesan vergadering Padvinderij soepaja misah ti Pasoendan Vergadering moepakat kana atana Padvinderij, tapi koedoe asoep ka N. I. P. V.

III Djoeragan Markas moendoet liren tina Bestuur lid Tjabang P. Td, lantaran bade ngalih ka Tasikmalaja, gentosna anoe kapilih Djoeragan Soeriadiwidjaja.

IV Djoeragan Demang Wiradiatmadja nerangkeun bis 153.

V Bestuur voorstel disoehoenkeun ka Djoeragan-djoeragan anoe ariasa basa Walanda, kersa mitoeloeng ka sawatara leden anoe paralaj diadjar kana eta basa.

Koe vergadring diroedjoekan.

noe kapilih kana comite leden pikeun netepkeun tempat.

1 Djoeragan Mh. Koerdi
2 „ Oni
3 „ Nata

VI Voorstel Djoeragan Wirasendjaja soepaja ti Pasoendan di afd. Bank di mana aja vergadring tiasa ngantoskeun wawakil.

Poetoesanana Bestuur Tjabang Pasoendan Tjiandjoer soepaja ngabatoerkeun rekest ka Bestuur afd. Bank. Tjiandjoer.

VII Voorstel Winata Poera: Tjabang P. Tjiandjoer, soepaja njoehoenkeun ka Regentschapsraad Tjiandjoer, dikota Tjiandjoer diajaan Inl. Ambachtsschool Saenggeusna dipadoekeun koe sawatara leden, voorstelen ditarima koe vergadring Nja eta: Tjabang Pasoendan Tjiandjoer koedoe nieun rekest ka Regentschapsraad njoehoenkeun soepaja dikota Tjiandjoer diajaan Inl. Ambachtsschool.

De Secretaris

**Winatapoera**

## Koempoelan salapanan

**„Koempoelan Ahad Manis ping 22 Augustus 1926 di Parigi."**

## RANTJANGAN

**„Robahan atoeran ngaronda di Parigi"**

Djisim koering sareng namina raijat Dessa Parigi njanggakeun sewoe sembah noehoen ka Pamarentah agoeng deui oendjoek noehoen ka djoeragan Tjamat miwah ka djoeragan Loerah Parigi, reh parantos masihan kalonggaran ka sadajana raijat desa, hidji waktos noe dipastikeun nja eta dinten Ahad Manis saban-saban sasih, ngajakeun koempoelan woengkoel pikeun raijat njarioskeun kasesah kaboengah, deui kaboetoeh dilemboer noe djadi kakoerangan di djero Desa. Ieu atoeran parantos djalan ti dinten Minggoe Manis tanggal 13 Juni 1926, djadi doegi ka dinten ajeuna parantos djalan katiloe kali koempoelan kasalapanan.

Ditilik tilik koe boekti disawang sawang koe peta, doengkapna rajat dina waktosna deui sikepna dina koempoelan, soemawonten koe paningali Bestuur, dalah koe panjawang djisim koering oge sanget matak goembirana hate, masing.masing rioek rejek henteu ngandoeng semoe ngoejoeng, sadajana nembongkeun kaboengahan disarengan kasetiaan.

Koe kajakinan noe diterangkeun bieu, tetela pisan welan-welan pisan jen raijat desa parantos eungkeut eungkeut seueur anoe ngartos, halna pikeun ngoeroes lemboer ngaheujeuk dajeuh teh henteu tjoekoep koe noe djadi loerah atawa golongan bae, tapi raijat oge ngarasa toer wadjib ngiring ngabantoe naon noe djadi kaboetoeh kampoeng, naon noe djadi kasoesah desa. atawa naon atoeran atoeran Dessa noe dirasa kirang bade soepaja ditoengtoet diomean, sangkan eta atoeran pagawean Dessa teh bisa loejoe reudjeung waktoe, serta lajak ninggang kana padjamanan. Njakitoe deui eukeur mah eukeur diwoewoeh pisan koe lahiran djoeragan Tjamat djeung djoeragan Loerah deui dina saban-saban koempoelan dienst, jen pikeun ngaheujeuk deungeun ngareksa Desa teh, henteu tjoekoep koe Loerah atawa Golongan bae, tapi raijat Dessa sabisa bisa wadjib miloe ngabantoe boh koe pikiran boh koe tanaga, digawe babarengan, soepaja raijat salamet, noe djadi Kapala pon pilalagi, kampoengna moedjoer desana aman toer mamoer djaoeh tina pantja baja. Koe nasehat miwah pangadjak bieu teh, sanes bae djisim koering dalah batoer raijat Desa sanget ngaraos boengah moedji noehoen, sarta maksoed ngadeudeul boh koe emoetan atawa tanaga sasieureun sabeunjeureun malah mandar dikempel-kempel djadi seueur, sedja ngabantoe dibarengan koe toedjoean anoe terbit tina pikiran moeloes moal njimpang tina marga kabeneran, deui noe katimbang baris mangpaat ka raijat rawoeh ka kapala soemawonna ka Dessa noe djadi lemah tjaina. Wangkid ieu djisim koering bade njamboeng tjatoer malikan hantja ka toekang, ngadadar deui perostelan hal „robahan ronda" noe dirempagkeun dina tanggal 13 Juni 1926, harita djisim koering njarios kieu: Reudjeung panoehoena Sesepoeh kampoeng wireh tiloe bagian raijat desa Parigi ngaraos kabeuratan koe atoeran ngaronda lantaran „abot sasilih" katerangan noe langkoeng pandjang bade diterangkeun deui di handap ieu:

1 Pikeun di kampoeng² noe djelemana parantos nanggoeng gawe Desa, dibajar koe doeit ka noe djadi Loerah atawa ka para Golongan, tina margi parantos biasa sarta maneuh, koe atoeran heubeul „djalanna ronda" sama sakali henteu ngaraos kabeuratan tina rasa parantos lepas tangan tea persasat teu miloe tjampoer.

2 Nja kitoe deui dibagian kampoengnoe gegek loba somahanana koe atoeran heubeul „djalanna semah ngaronda," nja teu pati sabaraha kabeuratanana, sabab ngalakonana ngaronda dina saboelan hidji somah ngan saoekoer doea atawa tiloe kali bae.

3 Tapi sawangsoeina pikeun di kampoeng-kampoeng noe rajatna teu pati gegek, ieu kawadjiban somah „djalanna ronda atoeran heubeul" estoe terang djadi hidji kabeuratan pisan, margi dina djero saboelan hidji somah nepi ka ngalakonan (kagiliran ngaronda) opat atawa lima kali.

Koe kadjadian atoeran kieu teh tetela pisan tiloe bagian rajat Dessa djadi kabeuratan, sabab tatandinganana hidji somah dina 1 boelan 2 x leuwih beurat, leuwih remen ngarondana ti batan babatoeranana. Djigana bae ari teu dilakonan da geus kawadjiban ana dilakonan boga rasa aral djeung tombok deui, toengtoengna timboel hate moenapek sisirikan pada batoerna. Ari bade teroes terang njarita dipajoeneun kapala desa dina waktosna koempoelan henteu wantoen, maloem atoeh lebah dinjana mah, djadi saoekoer ngan wani koetoek gendeng tjoemarita di toekang bae kabisana teh.

4. Saladjengna deui djisim koering sarerea sering pisan ngoeping kasaoeran djoeragan Loerah, jen loba somahan serta sering kadjadian somah nga lakonan gawe ronda henteu reudjeung sabenerna (teu samistina), nepi ka boedak lalaki noe tatjan sampe oemoer disina ngalakonan gawe ronda.

Djadi nilik kajakinan kadjadian-kadjadian atoeran, djalanna ronda" waktoe ka toekang nepi ka ajeuna, jakin pisan koe tiloe bagian rajat karasa abot sanggana, toer padahal ka noe djadi kapala oge teu matak senang, soemawonna ka kampoeng atawa Desa mah anoe moal matak beres moal matak aman teh.

Ditilik-tilik koe ati ditimbang² koe rasa ieu atoeran heubeul, djalanna roenda koe timbangan sarerea parantos teu merenah sareng padjamanan, deui katranganana kieu:

Ieu atoeran, djalanna ngaronda salian ti beurat teuing dilakonanana koe somah, deui teu bakal njoemponan kana wadjib.

Nja kitoe deui lamoen toeloej toeloej rajat desa ngaronda make atoeran heubeul, saroea bae djeung ngaroeksak ngamonjah monjah tanaga somah, karana lamoen tanaga pagawean oerang ngaronda diganti koe doeit teh dina sakali ngaronda oerang damel noe pang moerah moerahna moeroehkeun sakali ronda f 0.20

Oerang poekoel ratakeun saoerang somah ngaronda dina saboelan tiloe kali = 3 × f 0.20 = f 0,60 dina sataoen 1 somah ngaronda = 12 × f 0,60 = f 7,20.

Noeroetkeun laporan para Golongan somahan desa Parigi noe diwadjibkeun ngaronda lamoen teu lepat ngetangna aja 425 (opat ratoes doea poeloeh lima) djelema. Djadi 425 djelema dina sataoen tanaga ngaronda lamoen diganti koe doeit 425 × f 7,20 = f 3060 (tiloe reboe genep poeloeh roepia).

Tah koe katerangan djoemblah titikelan noe disebat bieu, djisim koering pertjanten ka andjeun sadaja tangtos parantos kadangoe sareng kahartos, jen sakitoe poharana tanaga oerang rajat sadesa hal gawe ronda dina sataoen lamoen didoeitkeun teh, toer pada hal masih djaoeh djeung noe diseboet ngalakonan gawe ronda noe sabenerna, djadi atoeh oerang sadaja sami bae sareng ngamomonjah tanaga „gawe ronda" noe dina sataoen pihar gaeunana sami djeung harga doeit f 3060 (tiloe reboe genep poeloeh roepia).

Lian ti katrangan bieu teh djisim koering bade ngawoewoeh deui, noe berhoeboeng reudjeung kasoesahna desa, meureun sadaja oeninga sarta moal atjan lali, dina waktos djisim koering nerostel hal robahna „atoeran ronda" koempoelan desa ping 27 April 1926, kadjadian di malem Kemisna ping 13 Mei.26 di oerang kampoeng Parigi, dina sapeuting nepi ka di opat boemi mitra mitra noe kapalingan roepa roepa barang, noe nepi ka kiwari lebeng oerang tatjan meunang katrangan.

Aja samboenganana

### Ngawaler kana seratan aki panjoempit dina Sip. dodo 17-8 26 No. 7. anoe djoedjoelna „pepeling ti aki"

Saoer aki, aki teh heran 1926×heran, lantaran ngahadja njoeratan Oetoen, djaoeh didjoegdjoeg anggang diteang, ari datang oetoen ka aki teu lila.

Tangtos oge aki heran, malah teu raos oge pantes moeng raraosan Oetoen sanes Oetoen anoe lepat, margi Oetoen mah parantos nohonan kana panjaoer aki, malah lamoen teu ngemoetkeun kana, kawadjiban mah di saoer koe aki Oetoen teh moal indit, ari lantaranana eta panjaoer aki teh dina waktos pahinaan koeroeng wengi, ngan Oetoen ngemoetkeun kana kawadjiban disaoer koe aki, sanaos pabinan oge tanwande dilakonan, nja Oetoen teh ngabantoen batoer doeaan, nja eta ngadjagi bisi aja katjilakaan di djalan, sawangsoelna aki ka Oetoen bet asa ngaheureujkeun ongkoh di saoer anoe sakitoe tebihna, djeung waloerat di djalanna, ari dongkap aki teu koea teu kieu ka Oetoen kawas anoe euweuh perloe, padahal dina panjaoer aki aja perloe anoe penting. Naha naon aki wagelanana waktos eta teh?

Eta panginten sapedah aja batoer Oetoen anoe doeaan atawa aki kagoengan manah awon ka batoer Oetoen, ih aki teu kedah djadi panibengan eta mah, da sanes sasaha eta teh batoer saimah Oetoen bisi aki teu oeninga djeung moal enja maranehanana daekeun koea kieu ka Oetoen ka aki oge, ongkoh geuning manehanana oge geus njanggem ka aki, jen dek tjatjarios mah tong djadi wagelan naonnaon, boa aki ka Oetoen teh aja maksad anoe loear biasa, mana teu kersa boektrah oge, katoeroeg-toeroeg Oetoen make dimoeat dina Sipatahoenan, kahojong Oetoen mah oepami aki aja pitjarioseun atanapi kateumosan, koe Oetoen njarios bae koe andjeun, da wadjibna aki ka Oetoen teh, naon noe djadi pamengan, deui bisi aki teu oeninga eta batoer Oetoen anoe doeaan teh geus tarerangeun kana pamaksadan aki . . : . . . ka Oetoen, sareng Oetoen teh ti sawangsoel ti aki tea, aja pangharepan bade oendjoekan ka aki, nja eta tina kanjerian ati Oetoen waktos diheureujkeun koe aki, ajeuna bet didjalanan koe aki oepami dibanding sareng G. Galoenggoeng gede keneh kanjerian Oetoen, parandene kitoe teu djadi koemaha da koe aki, ngan pamoega bae aki ka pajoen panoehoen oelah kitoe-kitoe deui geuning saoer aki kedah ngaragap angen sorangan, aeh aki Oetoen teh moal lami bade wangsoel," bisi kalong kabeurangan, bade ngadjalankeun kawadjiban Oetoen, da Oetoen teh ajeuna mah parantos gadoeh dienst.

**Oetoen-Ind.i**

## RAAD KABOEPATEN

**Autonomie & kamerdikaan desa**

**Garoet, 29 Juni 1926**

Sakoemaha pibingaheunana rengrengan gecommitteerden raad kaboepaten Garoet, oepami gamparan kersa nerangkeun, saha sahana noe diwadjibkeun ngoeatkeun poetoesan-poetoesan desa, saparantosna ngadeg raad kaboepaten

Noemoetkeun ordonnantie-ordonnantie Inl. gemeenten (art. 6 lid 4), sateuatjanna aja raad noe kasebat di loehoer, poetoesan-poetoesan desa noe katimbang soelaja tina wet, atanapi bantrok sareng kaperloean oemoem, koe toean assistent Res. disanggakeun ka toean Res, nja eta pangagoeng noe kagoengan hak, kawasa ngabatalkeun (vernietigen) poetoesan-poetoesan desa tea. Sapalihna deui mah koe toean assistent (Hoofd van plaatselijk bestuur) diwangsoelkeun deui bae, kalawan ditampi sareng disahkeun.

Noemoetkeun artikel kagenep tina ordonnantie Provincie Djawa Koelon (stbl 1926 No. 378), hakna toean **Resident** teh toeroen ka rengrengan gecommitteerden, djadi hartosna boepati ajeuna mah pangagoeng noe kawasa netepkeun atanapi ngoeatkeun poetoesan-poetoesan desa teh.

Dina artikel ka 7 al. ka 3 kaoengel jeu begrooting kaboepaten kedah di tampi (goedgekeurd) koe rengrengan gedeputeerden, djadi oepami kitoe mah begrooting desa-desa teh disahkeunana kedah koe rengrengan gecommitteerden.

Pamoegi soepados atoeran noe ka seboet di loehoer, tina perkawis begrooting tiasa ditetepkeun pikeun poetoesan poetoesan desa noe sanesna deui; djadi rengrengan gecommitteerden, ngagadoehan kakawasaan pikeun ngesahkeun sagala roepi poetoesan desa.

Kalawan asmana.
rengrengan gecommitteerden
Regent Garoet
**(W. g.) S. K. Legawa.**

## DJAWABNA.

Batawi 12 Juli 1926.

Ngadjawab soerat rengrengan gecommitteerden raad kab. Garoet, kaoela nerangkeun, jen poetoesan poetoesan desa ti baheula nepi ka ajeuna oge teu koedoe aja noe ngesahkeun. Djeungna deui kakawasaan paparentahan desa noe ditetepkeun dina Reg. Regl. (artikel 71 lid 2), noe ajeuna diganti koe artikel 128 lid 3, tina Ind. Staatsregeling, teu nikeun kana diajaanana pangatoeran ieu.

Ari noe enggeus enggeus mah, kabiasaan noe sok didjalankeun, nja eta ngoeatkeun poetoesan poetoesan desa tea, taja lian ngan sakadar djalan bae, woengkoel pikeun nembongkeun, jen taja patokan patokan (termen) pikeun ngabadalkeun poetoesan poetoesan desa tea.

Tapi koe oerang bisa didjaga, soepaja oelah aja kabeuratan pikeun ngajakeun kakawasaan tina hal ngesahkeun poetoesan poetoesan desa tea.

Ajeuna kaoela mere timbangan, soepaja di mana rek netepkeun atoeran-atoeran raad kaboepaten noe pikeun nganganti atoeran atoeran noe kaoengel dina besloeit karesidenan, ditetepkeun, jen poetoesan poetoesan desa koedoe geuwat-geuwat disanggakeun ka rengrengan gecommitteerden soepaja kaboeroe kapariksa, djeung di mana perloe, bisa gecommitteerdan ngagoenakeun kakawasaanana pikeun ngabatalkeun poetoesan poetoesan tea.

Goepernoer
**Djawa Koelon.**

## Elmoe kasehatan.

Dioeroes koe:

**R. Koesoema Soedjana.**

Panaros ka 3: Hawa noe koemaha noe mangpaat pikeun kawarasan?

Waleranana: Hawa anoe mangpaat nja eta hawa noe beresih. Hawa noe pinoeh koe keboel atanapi hawa di djero boemi noe ditoetoep pintoena sareng djandelana henteu sae geuning karaosna koe oerang oge oepami aja di dinja eungap.

Oepami ngemoetkeun kana kawarasan salira oerang teh kedah milih boemi noe oelah tjaket teuing djalan ageung noe biasa sok seueur keboelna komo oepami djalanna henteu dioeroes mah sareng tara di siram. Roepi roepi bibit panjakit dina kekeboel tea oepami oerang ngambekan miloe kaseusoep.

Noe ngadamel boemi oelah pisan lali kedah tjekap djandelana sareng pintoena. Masing djandelana sareng pintoe ditoetoep oge kedah aja deui djalan hawa nja eta pikeun wengi oepami bade koelem. Pohara teu saena oepami koelem di djero kamer noe henteu nganggo liang-liang atanapi djandela alit sangkan hawa beresih tiasa lebet.

Di kamer koe'em teh kadjabi ti oelah seueur teuing djelema oelah nganggo lampoe noe ageung teuing matak njeepkeun zuurstof noe aja dina hawa. Apan eta zuurstof teh perloe pisan pikeun badan oerang.

Boemi boemi kapoengkoer parantos biasa kirang tjekap pintoe sareng djandelana, boemi-boemi ajeuna seueur noe teu nganggo djalan hawa pikeun wengi oepami djandela sareng pintoe ditoetoep.

Ieu perkawis moegi-pada nalingakeun koe margi hawa beresih teh sa kitoe mangpaatna pikeun kasehatan badan oerang.

Panaros ka 4: Naon doepi noe disebat bacteri teh?

Waleranana: Noe disebat koe elmoe kadoktoran bacterie teh nja eta bibit panjakit noe alit teu kinten.

Katingalna kedah nganggo microscoop nja eta hidji pakakas pikeun ningal barang barang noe alit, katingalna teh aja 1000 atanapi 2000 kalieun ageungna tina woedjoedna noe jaktos Bacterie noe biasa katingalna moeng oekoer samilimeter atanapi $1/2$ m.M, sareng seueur deui anoe langkoeng alit ti dinja.

Djadi anoe katingal dina microscoop 1 m.M. sajaktosna mah ageungna teh 1/1000 m.M.

Oenggal panjakit bacteriena sanes, roepina sanes adatna sareng teu sami ageungna. Panjakit cholera, typhus medjen (dysentrie) syphilis (radja singa) kiih nanah (gonorrhoea) sareng sadjabi ti dinja, sadaja aja bibitna aja bacteriena.

Panaros ka 5: istri noe nembe babar kedah dioeroet koe paradji?

Waleranana: Henteu kedah malah oelah bae koe margi matak oge resak di lebet patoeangan. Komo deui noe nembe babar mah pianakanana (tempat orok) masih keneh ageung bareuh sareng raheut. Oepami pianakan bareuh karaosna koe istri sapertos pianakan toeroen. Jaktos aja oge kasawat „toeroen pianakan" namoeng di-

**Kasoesah kaboengah teh biasana mah lantaran koe polah sorangan !!**

parios ti loear bae mah sapertos paradji moal tiasa katawis. Poma oelah bade dioeroet saparantosna babar.

Panaros ka 6: Koemaha leefregelna noe keur kakandoengan?

Waleranana; Dina sadjeroning ngoeroes anoe reuneuh anoe diemoetkeun teh nja eta salira iboena sareng poetrana noe keur dikandoeng tea. Dina ieu waktos kenging disebat poetra teh masih ngagidji keneh sareng iboena.

Sagala roepi anoe teu sae pikeun iboena hartosna matak ngirangan kana kawarasanana tangtos moal pisaeeun pikeun poetra.

Noe bobot teh sadidintenna kedah noeroetkeun koemaha biasa bae, moeng oelah ngadjalankeun naon noe dikinten matak teu sae pikeun kawarasan, papertos: Kirang koelem atanapi teu pisan koelem koe margi ngoeroeskeun kaboengahan pepestaan, didamel noe beurat beurat djangdjang djoengdjoeng, lami teuing toetoempakan noe ngagojangkeun salira dina roda angin dokar kareta api, seueur teuing barang toeang noe haseum lada, kitoe deui kedah didjagi anoe bobot teh oelah kenging kasesahan anoe loear biasa.

Pendekna didamel kedah sareng sapantesna, kitoe deui barang toeang noe biasa bae noe sae.

Perkawis panganggo oelah pisan noe sereg pikeun dada panareup sareng lamboet. Pikeun istri anoe resep nganggo, tangtos oge rada sesab namoeng dina noedjoe bobot mah kedah langkoeng emoet kana kawarasan salira sareng poetra anoe dikandoeng ti batan kana panganggo.

## Pergerakan sagawe.

*Samboengan.*

20. Pendekna oerang teh kaom Ongediplomeerden oerang ngomean harkat oerang, koe njoehoenkeun diajakeun korps anjar nja eta kantoor ambtenaar bij het inlandsch bestuur.

21. Tjindekna lain sirik sirik teuing postassisten, ngan eta bae njoekeun teh satoengtoeng oerang digawe di kantor sing nepi gadjih teh kana maximum oerang, saperti oepama rek dibedakeun K. E, djeung tweede klassers sabot di kantor nepi kana pangkat schrijver 1ste klas koedoe bisa nepi ka f 120.— K.E. koedoe bisa nepi ka f 200,— nja eta noeroetkeun angger-anggeran dina Staatsblad oelah tjara ajeuna, schrijver 1ste klas oepama teu bisa djadi mantri, toeloej koedoe noenggoe pansioen f 70.— djadi oepama kitoe ngaraos kirang adil, poegoeh-poegoeh hakna tweede klassers teh geus dipasti koe regeering dina staatsblad bisa nepi ka f 120,— kari-kari kakara nepi ka f 70,— geus distop (katjida teuing).

22. Ari pangkat B. B. mah nja eta ti Mantri ka loehoer keun eta mah da aja noe boga hak nja eta Osvianen.

23. Ngan oepama badan masih koeat, ti 1ste Klerk dienst 12 taoen bisa over ka B.B. kana panggat Mantri gadjih mimiti f 120.—

24. Tapi oepama badan koerang koeat, tapi katjakepan (pikeun digawe di kantor) aja, nja teroes digawe di kantor troes nepi kana pangkat Commies 3de klas.

25. Koe djalan ieu soegan moal aja Djoeroetoelis noe ditoetoep pangharepanana, tjara ajeuna noe sakitoe pinalangsaeunana.

26. Maksadna ieu toelisan neda moefakatna sadajana kaom ongediplomeerden, di sa tanah Djawa, oepama moefakat, njoehoenkeun tawisna adhaesie betuiging dina briefkaart, tjontona.

Adres A. Achttien
Post Restant
Tjiamis

Moefakat voorstel A. 18 hal gadjih dan ranglijst dibikin saprovincie (Tawis)

Adres, pangkat sing terang.

27. Oepami eta briefkaart prantos kempel, koe lantaran oerang teu gadoeh bond, oerang pasrahkeun ka salasahidji Lid Volksraad soepados djadi kaoeningana Pamarentah (divoorstel).

28. Nami sim koering saajeuna moal waka diopenbaarkeun.

29. Ti samemehna timpak noehoen ka Djoeragan Redactie Sipatahoenan wireh parantos masihan tempat kana ieu seratan.

Baktos noe ngadjeng-ngadjeng moefakatna sadaja

A. Achttien.

## Panoehoenna oerang kampoeng.

Abdi parantos nampi sareng matja Sipatahoenan ping 24 Augustus 1926 No. 8 katinggal sidik aja hidji karangan sim andi, anoe di loehoerna nganggo aksara ageung ANOE BOETOEH, eta abdi sabarang tamat matjana hate abdi noehoen riboe-riboe laksa ka Djoeragan Redacteur reh andjeunna parantos mitjinta ka abdi kalajan miwelas ti wangkid ieu abdi soempah doenja acherat.

1, Abdi moal tjidra majarna soerat kabar S.P. dina seepna kawartaal f 1,50. (Noehoen! Red).

2, Abdi moal pondok pangharepan ka pajoenna kasebat diangken keneh koe Djoeragan-Djoeragan noe linggih di kalangan soerat kabar S.P. malah abdi moal moengkir, sabalikna noehoen doenja aherat oepami Sip. ditambih f 0,50, koe soeka-soekana ningal karangan sim andi tiasa dimoeat, sareng oge abdi ka pajoen bade akal-akal ngilari kangge langganan iebet ka Sip. margi di Onderdistrict Pegaden anoe sakitoe madjengna moeng abdi pribadi anoe langganan.

Sareng manawi katampi ngalebetkeun deui karangan oengelna di handap ieu.

Oepami teu lepat sasih Januari 1926 Djoeragan Loerah Pegaden parantos ngadamel koempoelan di kaloerahan Pegaden, somah-somah anoe dongkap kana eta koempoelan kirang langkoeng 540 djalma, anoe dibadamikeun kahajangna somah-somah ti desa Pangsor, Pegaden, Kibijang Bin ongsareng Kediri, hajang nanggoel (napak) tjai ti Tjigadoeng (Tjibinoeng) oepami teu nanggoel ti tjai eta, eta desa anoe kasebat di loehoer, moal lepat saban taoen sawah - sawah seueur tjilakana, djalma-djalma seueur soesahna. oge ka guvernemet ngadjadikeun roegel, margi sawah-sawah anoe sakitoe riboeriboena baoe kirang koe tjai djadi saban taoen seueur koepasan (bera) gaboeg koe margi kirang tjaina.

Sareng abdi-abdi sadaja sanggem masihan oeroenan kangge ongkos-ongkosna eta nanggoel, abdi oge anoe teu gadoeh matja ALHAMDOELILAH f 5,— mah bade ngiring kana eta oeroenan, kaleresan koe djoeragan Loerah Pegaden kawidian.

Namoeng doegi ka ajeuna eta pamaksadan, teu atjan keneh bae, kadjadian sedeng ajeuna bade ngemoetngemoet deui kana toeroen njawah abdi-abdina sadaja.

Sareng moegi Djoeragan Mantri IRRIGATIE Pegaden tiasa ngatoer (miwarangan) rentjangna Solokan Irrigatie Tjigajoeng (Sargempol) anoe kenging tjai ti pintoe waroeng D J A W A desa Pangsor noe njaian sawah-sawah Blok Sargempol, sareng Kandang hadena, kirang langkoeng 1000. baoe, eta solokan moegi diageungan da saemoet oge eta solokan kirang langkoeng tiloe elosatengah, doepi ajeuna moeng aja saelo satengah djadi kapaksa abdi-abdina sadaja saban taoen tempona toeroen njamboet kedah bae ngaloearkeun oerat beuheung (basa keras) toengtoengna ngadjadi pasea.

Koemargi eta moedah moedahan panoehoenna abdi abdina koe Panggagoeng tiasa dikaboelkeun sareng sa teu atjanna oge dikaboel abdi abdina sadaja matja doa Alhamdoelillah, oge ka Djoeragan Redacteur Sip. abdi moedji. noehoen 1926 × noehoen andjeunna parantos kersa ngamoeat karangan sim abdi kana kalangan soerat kabar S. P.
Langganan No. 684.

S. T. M.

Pegaden poststempel.

## „Leuwi Sanghiang tikoro"

Sawatara oerang Priangan, babakoena pisan oerang Bandoeng sareng Tjiandjoer tangtos moal bireuk oepami ditaros kaajanana leuwi Sanghiang tikoro teh, bedja-bedjana bae mah kawasna moal pogog njarioskeun, tiasa nerangkeun koemaha kaajanana, tjara biasana geuning leuwi Sipatahoenan aja dongengna, boh kaanehanana atawa mangpaatna dj.s t.

Doepi leuwi Sanghiang tikoro teh hidji leuwi di waloeugan Tjitaroem, pernahna sakidoeleun district Radjamandala, kira-kira $7^1/_2$ paal ti S. S. Radjamandala.

Babatoeran anoe teges oerang Bandoeng, Tjiandjoer toelen tangtos rada tjaket ka eta leuwi; aja 4-5 na keneh (katerang sim koering) anoe teu atjan terang ngaboektikeun koe pribadina, tapi karek koe bedja keneh bae Kitoe deui sim koering sanadjan lain toelen Bandoeng (sakadar asoep bilangan Priangan bae), tapi ari bedjabedja bae mah tjoekoep, malah sok radjeun ngabedjakeun deui ka anoe naros.

Manawi sapagodos sareng anoe sanes (tjek bedja tea), sim koering parantos ngoeping bedja, malah sanes ti 1—2 djalma bae, tapi 4—5 djalma sarta ngabedjaanana teh beda-beda, nja eta kieu tjek bedja mah:

„Eta leuwi Sanghiang tikoro teh hidji pibalaieun anoe katjida pikawatireunana pikeun Bandoeng lamoen koerang ngadjagana ti ajeuna, ari noe djadi sababna: Eta Tjitaroem teh dipalebah Radjamandala ngotjorna nobros goenoeng, ibarat djalan kareta api di Lampegan kitoe;

*Aja samboenganana.*

## Djoeragan. W S. Bandoeng.

(Samboengan).

Djoeragan pirakoe nelok, tadi abdi parantos njarios, samemeh b kantenan alip heula, tapi lamoen djoeragan bade noelis aksara alip, pek tjandak pena tol kana kertas, tapi djoengdjoeng deui, oelah digoeratkeun lain boektina, aja titik atawa aksara be djadi aksara teh poko tina be margi lamoen midamel kabeh aksara kantenan bae heula tjotjog sareng basa „Wal Awaloe Wal Achiroe" „atawa sok aja noe njeboet Alloh hoema saliala Moehamadin pil Auwalin Alloh hoema Salli ala Moechamadin pil Achirin"

Dina lakoe tjindekna kieu saha djalma geus ngalakonan hidji barang hade atawa goreng, eta geus achir kari narima pangbalesna noe moal geseh deui, tjeuk emoetan djisim koering doeka tjeuk noe sanes sapangabogohna² sok soemawonten noe ditjaritakeun kieu, saperti katrangan tina basa „sabil" tjeuk karoehoen koering mah sabil teh lain maehan si koepar atawa si kapir, tapi sakreteging hate hade laksanakeun lamoen henteu Doraka, sakreteging hate goreng sirnakeun dina manah, lamoen dilaksanakeun Doraka" toeh geuning kitoe angot noe geus kasaksi koe sasami djalmi.

Wasalam
H. Proewito.

N B.
* Lahirna bae ieu mah, ari Wisnoe kawasna tina basa Sonaas Jasnioe Wisnoen Masoeoen djoeragan W. S. Bandoeng, margi abdi njasaran teu tebih tina awak, lantaran aja basa kieu „Waman tolaka saeän pigoeri napsika pagoddola, Dolalan baida" sing sopo wonge anggoleti sawidji, adoh saka awake dewe ikoe dadi sasar kang loewih adoh" tapi keur oerang bae nja gan sabab Napsi badan, ka=s ira.

Napsika, Djoe, W. S. Bd. mangga oerang ka Tjiawi di dinja aja noe baris kerna Allah moekakeun kabingoengan oerang ngan sieun padjahkeun......

Tjing saha?? Keun bae soegan kersana koe andjeun katrangan.

H. P.

## KOROPAK.

Djr. A. S. parantos lat teuing anggoeun minggoe ieu mah Miggoe pajoen.

## Djoeragan-Djoeragan langganan di Bandoeng.

Artos langganan ti djoeragan² di Bandoeng ditagihna koe djr. S. Prawiraamidjaja vice Voorzitter H. B. Pasoendan Gang Spaarbank 12.


ADRES noe parantos KASOHOR
DAHJAN
Toekang Mas Roemah No. 18
TASIKMALAJA.

Ngitjalkeun roepi-roepi perhiasan tina mas sareng perak. damelan pribadoe, sareng nampi padamelan sapertos: Ngadamel pending (band) pinggel peniti, soember, lilipen, padamelan ditanggel sae sareng enggal.

Djabi ti eta ngitjal roepi-roepi erlodji sakoe, erlodji tangan, wekker, dompet alpaka model anjar sareng seueur-seueur deui perhiasan mangga djoeragan-djoeragan enggal saroemping soepados kaoeninga.

— : o : —

Tina Tentoonstelling Tasikmalaja parantos kengking:

EEREDIPLOMA MEDALI MAS.
3



TECELFABRIEK
„N A J A"
Goenoengsabeulah
TASIKMALAJA.

Midamel roepi-roepi tegel. pangaos sareng kakiatan ditanggel ngabingahkeun.

Oegi midamel gambar boemi (bouw teekening), pangaos tiasa badanten).

24 Directeur.



Toekang Nganjam (Vlechterij
RASWAN.
25 Desa Tjiboengkoel
INDIHIANG.

Njajagikeun saniskanten anjaman, sapertos:
1 Dompet tina awi noe lemes sareng kasar.
2 Kimpoel tina awi sareng rotan.
3 Samak tina awi sareng djaksi.
4 Topi roepi² tina awi sareng djaksi.
5 Tempat kembang tina awi sareng rotan.
6 Tasch pakean tina awi sareng djaksi.
7 Tasch tina djaksi anoe lemes tea.
8 Tempat boeah tina awi.
9 Pakket tina awi sareng djaksi enz. enz.

Noe ngagaleuh itjaleun deui kenging kirang tina biasa. Padamelan ditanggel, margi wedalan Ambachtsschool Tasikmalaja sareng parantos kenging Diploma ti Pasar Gambir Batawi 1926.

Noe ngantos² pesenan
Raswan.



COIFFEUR
B. OETIH
Toekang maras

Djadjawaj Tasikmalaja.

Parantos njajagikeun medja tiolet anoe anjar endah pisan, padamelan resik sareng parantos aja knecht anoe pinter. Masing emoet oelah lebar artos saeutik noe didjagi kawarasan. Roa kadjanteuan anoe ditjoekoer koe noe kirang apik ngadjantenkeun tjilaka salira. Mangga saroemping.

Noe ngantos
19 B. OETIH
Tjaket Soos. K, M. Tasikmalaja



BIBLIOTHEEK
„Sinar Kamadjoean"
Tjikiraj — Singaparna.
Agentuur en Commissie Handel
ENGGAL SOEMPING!

Djoeragan-djoeragan oepami palaj raos manah oelah ngoengoen teuing, enggal ngagaleuh boekoe-boekoe kaloearan ajeuna model ajeuna anoe loetjoe, anoe penting, soepaja daradjat ngalih kana kamoeljaan.

Maksadna nja eta soepaja, kabingoeng lipoer, kasesah teu aja berewit teras laleungit. anoe ngoengoen anoe poejeng tangtos damang djeung goemoedjeng.

Oepami moal ngagaleuh, namboet oge mangga pisan.

18 Hoermatna noe ngantos²
Moehamad Dachlan
Tjikiraj Singaparna.



TOKO
Universeel Agentschap
NIC MULLER
TASIKMALAJA
Goenoengladoe No. 15
Telefoon No. 26.

PATENTMEDICYNEN (obat obatan segala roepa)
Chemicalien (bakal obat)
T J E L E P (Sipoehan) segala roepa..
Soda Api, Soda Api, Soda Api..
Rookwaar (barang roko)
Snoepgoed (goela goela)
Medicinale dranken (minoeman obat).

A W A S. Di saban tempat besar di Priangan wetan kami tjari agent boeat djoeal lagi kami poenja djoealan.

Dan kami djoega tjari orang jang maoe koeliling bawa djoealan.

Oentoeng bagoes, tetapi misti ada soerat borgnja.

Boleh minta pryscourant (preskoran) dapet kirim pere.

Segala obat bisa kirim rembours.

HARAP MAMPIR boeat lihat djoealan di toko dan boeat adjar kenal.

1 Baajak hormat
Nic. MULLER.



„Sinar Kamadjoean"

Djoeragan-Djoeragan!!!

Oepami palaj njenangkeun manah, teu aja deui LANDONGNA kadjabi ti kedah maos boekoe anoe PENTING anoe kaloearan ti toko boekoe sareng noe ngarangna parantos DJEMPOL....

Saha tea...? Noe mana...?

Pirakoe henteu kenal ka Djr. M. I. PRAWIRA-WINATA ka Djr. JOEHANA, ka toko PASOENDAN ka BALAI POESTAKA sareng ENZ.

Tah eta teh sadajana boekoena disajagikeun pikeun SALAMINA kanggo TAMBOETEUN sareng GALEUHEUN

Geura mangga soemping!! ka Bibliotheek „Sinar Kamadjoean" di Poengkoereun boei TASIKMALAJA. 4



AWAS MERK
„Sinar Karadjinan"
SINGAPARNA.

Dioesahakeun koe reka daja oerang Soenda kaloearan Ambachtsschool Tasikmalaja.

Saban dinten nampi pesenan roepi-roepi korsi tina hate (hinis) njakitoe deui parantos seueur boeboeatan sim koering noe padjeng di mana-mana.

Nampi padamelan ngadangdosan korsi anoe parantos resak, ditanggel ongkos mirah.

Djoeragan-djoeragan istri disajagikeun tempat lemareun tina roepi-roepi anjaman sakoemaha kapalaj tangtoe katjoemponan.

Noe ngantos-ngantos pesenan
20 ENDI

Diploma ti Tentoonstelling Tasikmalaja taoen 1925.




Milari langganan
B. BARLI

Toekang Kopjah
Pasar Baroe Bandoeng. 17

Oendjoek oeninga ka sadajana djoeragan-djoeragan adres anoe di loehoer ieu dina waktos ieu nembe moeka winkel kopjah. Special ngitjal Kopjah kangge itjaleun deui, koe margi eta mangga djoeragan-djoeragan njoblan langganan ka djisim abdi pangaos sareng padamelan ditanggel mirah sareng sae.

Njajagikeun kopjah anoe tiasa enggal padjeng koemargi midamelna noeroet sakoemaha model ajeuna sapertos: Kopjah boeloedroe hoeloe anoe roepi-roepi kleur sapertos, aboe-aboe, hedjo loekoet, kopi, hideung s.a.t. Kopjah biboedroe hideung roepi-roepi model, kopjah Padang soetra sareng Padang Katoen.

Sateu atjanna ngiatoen serat pesenan, tjobian heula moendoet prijscourant.



Dina sagala roepi padamelan noe dilari kaoetamaan sareng kasaean

## Awas, moesim panas parantos doengkap!

Istri pameget kedah atos-atos margi kasehatan gampil kaganggoe. Djagi leres-leres kasehatan djoeragan soepados tetep seger.

Bidji koeëh tina; 14

Tipoeng Hoenkwe Tjap Kembang

(Damelan Njonja Tjoa Tjoen Goan Halte Tjitjoeroek)

Anggoeun ngopi atanapi ngeteh waktos tengah dinten djadi landong babakoena kana nolak hawa awon dina moesim ajeuna ngadjadikeun salira tambah seger, ngaleungitkeun hojong bae ngarot sareng ninggalkeun raos noe katjida ni'matna.

**Seungit, raos sareng tiis!!!**

Didjoeal dimana-mana.

Pangaos sapak f 0,25. Pesenan paling saeutik 15 pak. Anggoeun djoealeun deui paling saeutik 100 pak kenging langkoeng mirah pisan.

Atoeran nganggona dikintoen ka soegi noe moendoet.

Tipoeng Hoenkwe Pabrik Tjap Kembang.

**Tjoa Tjoen Goan Tjitjoeroek.**

Gratis.

Tjobi ngintoen adres djoeragan noe tetela sareng parangko *tiloe benggoleun* engke dikintoen sapak. *„Katoeangan noe diwikaresep koe sagala bangsa".*

---

## Inlandsche tabak. Hollandsche en Inlandsche Sigaren en Sigarettenhandel.

2467  1916



12

## Tan Sian Hoay „TOKO TJAP KIPAS" Tasikmalaja.

Seroetoe Fabriek Mignot & de Block

La Semeuse Fleur de Londres isi 10 bidji . . . f. 3.—

Seroetoe Fabriek G. Ribbius Peletier Jr.

El Combate isi 25 bidji . . . f. 4.50
Santa Isabol Perfectos isi 50 bidji . . . „ 6,25
Joung Ladies isi 50 bidji . . . „ 3.25

Seroetoe Fabriek N. V. Karel I.:

Karel I Lovely isi 25 bidji . . . f 5.—
Karel I Special „ 50 „ . . . „ 7.50
Karel I Superior „ 50 „ . . . „ 6.50
Karel I Vorstenlanden Extra isi 50 bidji . . . „ 6,50
Karel I Vorstenlanden Prima isi 50 bidji . . . „ 6,—
Karel I Eelogand isi 50 . . . „ 6,—
Karel I Delgado isi 50 bidji . . . „ 5,50

Seroetoe Fabriek A. Hillen's:

Modern Assortiment isi 32 ada 9 roepa . . . f 6.50
Ameropa isi 50 bidji . . . „ 5.50
Zee Post „ 50 „ . . . „ 3,75

Seroetoe Fabrik N. V. Houbaer & Co. Holland:

Sopla per pak 4 bidji . . . f 0,10

Seroetoe Fabriek Wascana Holland:

Wascana Elgantes „ 50 „ . . . „ 6.—
Wascana Couchitas „ 50 „ . . . „ 4,50
Wascana No. 6 „ 50 „ . . . „ 4.—

Seroetoe La Insular Manila:

La Insular Manila Habano Extra isi 50 bidji . . . f 4,—
La Insular Manila Cortado Extra „ 50 „ . . . „ 4.—
La Insular Manila 4a Cortado Extra isi 50 bidji . . . „ 2,50

Seroetoe Fabriek B. van Der Tak & Co:

Gloria mundi isi 50 peti katja . . . „ 5.50
Carina „ 50 „ „ . . . „ 5.50
Taksies „ 50 „ dalem blik boender . . . „ 1,75

Seroetoe Fabriek N. V. Negresco Djokjakarta:

Negresco Grand Prix isi 50 bidji . . . f 5.—
Negresco Jockey Club „ 50 „ . . . „ 4 50
Negresco Montana (Sultana) isi 50 bidji . . . „ 4.—
Negresco Comerciales isi 50. . . . „ 3,—
Negresco Tropicas isi 50 bidji . . . „ 2.75
Negresco Wedono „ 50 „ . . . „ 2.25
Negresco Anak mas „ 50 „ . . . „ 2,25
Negresco Havana's „ 50 „ . . . „ 2,—
Negresco Matador model Prem isi 100 bidji . . . „ 3,—
Negresco Opera's isi 10 bidji dalem blik . . . „ 0.50
Negresco Poetri isi 50 bidji . . . „ 1,75

Seroetoe Adinda (Gantinja Indiana).

Adinda Oricono isi 25 bidji . . . f 2.25
Adinda Sultanes „ 50 „ . . . „ 4,—
Adinda Canada „ 50 „ . . . „ 2.—
Adinda Minerva „ 50 „ . . . „ 1,50

Sigaret Abdulla. Jang soeda terkenal:

Abdulla No. 11 isi 50 bidji dalem blik boender . . . f 2.50
Abdulla „ 18 „ 50 „ „ „ „ . . . „ 2,25
Abdulla „ 16 „ 50 „ „ „ „ . . . „ 1.80
Abdulla „ 87 „ 50 „ „ „ „ . . . „ 1,40
Abdulla „ 80 „ 50 „ „ „ „ . . . „ 1,25
Abdulla „ 70 „ 50 „ „ „ „ . . . „ 1,10

**Dan sedia djoega Sepeda merk WANDERER 5. 7. & f 165.—**
**Sepede Merek INDIANA roepa bagoes f 67.50**
**Dan masi banjak roepa-roepa Seroetoe moerah.**

---

## Boekhandel - Uitgeverij

**Tjikirai Soekaboemi**

Parantos ngaloearkeun deui boekoe nembe.

Uigave No. 12 (2e druk) wawatjan klamat leutik bilih djoeragan-djoeragan palaj oeninga koemaha roeksakna kota² di Sumatra Koelon koe lini ageung sasih Juni 1926 pangaos moeng . . . . . . f 0, 30.

Uitgave No. 8 bolong kagoengan garwa noe anom tjarios tooneel, sagenj djoeragan² istri pameget tau palaj oeninga koemaha elmoena. . . . . f 0,50

Sasih Octorer 1926 katompernakeun tangtos parantos ditjitakna:

Uitgave No. 9 wawatjan Anglingdarma, sareng Uitgave No. 13 pegat toendangan, sadajana boekoe² kaloearan pribados tiasa dipesen ka toko² boekoe di:

**Bandoeng, Tasikmalaja, Garoet sareng Poerwakarta.**

---

## DOCTOR SOEKARDJO

**Heerenstraat No. 18**

**(Poengkoereun Masdjid)**

Nampi tamoe oenggal dinten. 15

---

PARANTOS SAJAGI:

**Boekoe Pangadjaran**

„De Vier Indische Talen"
(Empat bahasa Hindia)

**Belanda - Melajoe-Soenda - Djawa.**

2 Karangan

L. A. LEZER

Teu kinten saena. Seueur pisan eusina.
Pangaos f4—.Parangkona f0,60.
Toko boekoe L.A.LEZER Tasikmalaja.

---

## PIRELLI AUTO BANDEN

**(Fabriek ITALIE)**

Agentschap Afdeeling Tasikmalaja.

**YO TEK SENG**

11 Telefoon 70.

Sekarang kita bisa tawarken pada Toean², dari satoe matjem band - auto merk Pirelli, jang soeda termashoer dari ia poenja koewat dan awet dipakenja. Di Negri ITALIE, ampir semoea orang jang mempoenjai auto tida soeka pake lain merk, selainnja dari merk Pirelli.

Satoe kaoentoengan besar boeat Toean-toean jang mempoenjai auto atawa vracht-auto kapan pake band auto merk Pirelli.

Djikaloe nomor² jang Toean² minta kabetoelan kita tida sedia, kita bisa kasi dateng didalem tempo sedikit hari, sebab kita bisa dapet bantoean dari Toko di Batavia, Soerabaja, dan Singapore.

---

9

## Schoenmakerij en Kleermakerij „Malah Mandar"

Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi raksoekan anggoeun pameget atanapi moerangkalih modelna tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawonna.

Oge njajagian slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos
pesenan poen

**O. Sasmita.**

N. B.

Toedoeng Panama
noedidamel tina palm f 8,—
„ „ „ djaksi f 2,50
strobin (pamoelaana) f 0,25

---

## Toko SOENDA

**TASIKMALAJA.**

**Telefoon No. 66** 10

Dina ping 10 Sept: parantos nampi kintoenan 12 roepi piraksoekaneun Palmbeach anoe kabantoen koe Kapal S. S. Jan Pietersz Coen pangaos f 3,50 f elo doea kali lebar, doepi saena teu kantos dipoedji deui langkoeng oetami ningalian koe andjeun sanaos dipoedji diaae-aae oge, henteu aja goenana oepami barangna soelaja sareng pamoedji.

Topi Boni kaloearan Fabriek Dewell, noe paling sae, pangaos f 3,50 No. 54 t/m 60.

---

**BAROE TRIMA.**

Roepa-roepa sigaren: Sigaren Karel I, Moortjes, Ameropa, Delftsche post. Sigaretten Abdulla, Clysma, Felucca, Maspero Kyrizi.

Roepa-roepa port, malaga etc.

Katjamata-katjamata mas, nikkel, double

**Preanger Chemicaliën Handel**

13 **TASIKMALAJA.**

---



## Ketoe Oedeng Makerij HALIM

**West Paser straat 16 Bandoeng**



16

Salamina njajagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan sapertos batik Tjiamis Solo Banjoemas s.s.t. ngawitan pangaos f 2.25 f 2.50 f 3,— f 3.50 f 5.— sareng sateraana noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng endol ngawitan pangaos f 3.— f 3.50 f 4.— f 5.—

Tiasa nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng.

1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2.—
1 „ „ 1 „ „ f 1.25

Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0.25 Sareng njajagikeun sindjang poleng geroesan kaloearan Bandjaran Bandoeng pangaos f 2 50 f 3.— f 3.50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan geura njarobian sareng enggal njeratan nganggo. Adres anoe diloehoer ieu koelan.

---

## Dr. Tan TJOEN HAIJ

**ARTS**

Di Kebondjoekoet Zuid Bandoeng tjaket tilas boemina Dir. Dr. SALEH Marhoem.

**Waktosna:**

**Endjing-endjing 7 - 9**

**Sonten 4 - 5**

---

## Toko Boekoe WEBER

DJALAN STATION TELF. № 13.

**Sajagi :**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Kertas gambar roebak 1 M, | | | | f 0,50 |
| „ „ 1 lambar | | | | f 0.10 |
| „ goerat sareng polos 1 riem | | | | f 4.00 |
| „ djilid 1 lambar | f 0.04. | f 0.06. | f 0.10. | f 0 12 |
| Timbangan (goraman) | f 1 50. | f 4.50. | f 6 50. | f 9.— |
| Boekoe gambar, kandel kertasna | | | | f 0.10 |
| Vulpen Osmia f 9 — sareng | | | | f 13.50 |
| „ Ocean (tanggoeng sae) | | | | f 7.50 |
| Pita mesin toelis | | | | f 1.75 |

Sareng seueur-seueur deui barang marodel sareng mairah.

Mangga tjalik ka toko tingalian.

Hoermatna

**H. E. Taijlor Weber.**

---

## SIK DJOEN KWAN

**TOEKANG GIGI**

**Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.**

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu ditoeloeng koe ahlina (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjadikeun kasawat lalendeng poesing, njeri patoeangan, sesek napas, eungap, teu aja napsoe kana barang toeang sareng sanes-sanesna. Ieu saaaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg toko noe njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggel.

Nja kitoe deui njajagikeun waos palsoe, poslen, toelang, perak, emas saniskanteu aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos kilat koemargi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajagikeun deui panon palsoe. oelah salempang.

Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen bodjo,

Anoe ngantos pesenan a saroempingna,

**SIK DJOEN KWAN**

8 Sarimbit.

---

**Enggal ngalebetkeun advertentie dina Sip., bilih tinggaleun madjeng!!**